

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjek Panalungtikan

3.1.1 Lokasi

Kacamatan salem mangrupa salah sahiji ti 17 kacamatan nu aya di kabupatén Brebes sarta mangrupa salasahiji ti 7 kacamatan anu ngagunakeun basa Sunda, tapi Kacamatan Salem mangrupa hiji-hijina kacamatan anu sakabéh désana ngagunakeun basa Sunda. Jumlah pendudukna kurang leuwih 56.763 jiwa. Ieu kacamatan mangrupa kacamatan anu keur ngalaman kamekaran dina rupa-rupa widang, salian ti séktor tani, anu katempo pisan sarta bisa langsung dirasakeun ku masarakatna nyaéta dina widang atikan jeung fasilitas atawa wangunan-wangunan anu dijieun pikeun ngagampangkeun masarakatna.

Sacara géografis wilayah kacamatan Salem mangrupa daerah pagunungan (400-900 mdpl) anu dikurilingan ku leuweung sarta pagunungan-pagunungan. Ku kituna, sacara militer wilayah salem mangrupa daerah pertahanan anu efektif. Eta nu jadi sabab pangna sabagian prajurit karajaan Pajajaran nalika perang bubat lumpat, nyamuni sarta netep diditu.

Ngeunaan wates wilayahna, Kacamatan Salem miboga wates nyaéta:

Beulah kalér : Kacamatan Banjarharjo, Ketanggungan

Beulah wétan : Kacamatan Bantarkawung

Beulah kidul : Kabupaten Cilacap

Beulah kulon : Kabupatén Kuningan

Lokasi tina ieu panalungtikan nyaéta Kacamatan Salem anu aya di wilayah Kabupatén Salem. Pangna ieu daérah dijadikeun tempat minangka lokasi panalungtikan sabab ieu tempat téh mangrupa provinsi Jawa tengah anu ilaharna maké basa Jawa, tapi di ieu kacamatan masarakatna ngagunakeun basa Sunda, salian ti éta kacamatan Salem mangrupa wates antara Jawa Barat jeung Jawa Tengah anu ngabalukarkeun ayana interaksi pamakéan basa antara masarakat Jawa Barat (Sunda)

jeung Jawa Tengah (Jawa). Ku kituna, bakal aya kecap-kecap tinangtu anu has, unik anu digunakeun nalika masarakatna komunikasi jeung masarakat di saluareun daérahna.

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Ari nu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nyaéta masarakat di kacamatan Salem Kabupatén Brebes. Lian ti éta sampelna anu aya dina ieu panalungtikan mangrupa sampel total nyaéta 8 désa anu aya di Kacamatan Salem anu informanna dicokot dumasar pasaratan anu geus ditangtukeun, tilu informan ti hiji désa anu aya. Ari pasaratanana minangka kritéria informanna nyaéta lalaki atawa awéwé, umurna ± 25 nepi ka ± 70 taun, jeung budak atawa rumaja umurna ± 14 nepi ka ± 20 taun, dilahirkeun jeung gedé di éta désa, bisa ngagunakeun basa Sunda, jeung séhat jasmani tur rohani (alat ucap sampurna).


Tina éta populasi dijaring kecap-kecap nu dipaké dina kahirupan sapopoé masarakatna. Kecap-kecap dialék di éta tempat dikumpulkeun dumasar kana (1) Istilah pancakaki, (2) Kecap gaganti jeung sesebutan, (3) Kadaharan jeung inuman, (4) Tutuwuhan jeung bungbuahan, (5) Kecap Sasatoan, (6) Sesebutan babagéan imah, (7) Pakakas, (8) Kaayaan alam jeung usum, (9) Budi Parangi, (10) Kecap pagawéan, (11) Kecap Kaulinan, (12) Kecap sipat, jeung (13) Kecap pananya, panambah, panganteb jeung panyambung.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa salasahiji pakakas anu mangrupa langkah atawa tahap-tahap anu eusina ngajéntrékeun ti mimiti proses panalungtikan nepi ka ngolah data.

Bagan 3.2

Desain panalungtikan



3.3 Métodé Panalungtikan

Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun ngagampangkeun dina ngalaksanakeun panalungtikan sarta pikeun nyingkahan ayana salah paham jeung pikeun méréskeun masalah.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodé déskriptif. Métode deskriptif nyaéta métodé panalungtikan anu ngagambarkeun sacara sistematis, jeung akurat. Metode ieu ogé ngainterpretasikeun obyék saayana (Azwar, 2012, kc.7).

Jadi, tujuan dipakéna métode deskriptif nyaéta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan basa Sunda dialék Brebes anu aya di Kacamatan Salem nu ngéntép seureuh, faktual, jeung akurat.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, dina ieu panalungtikan perlu ayana wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

a. Basa Sunda Dialék Brebes

Basa Sunda nyaéta basa indung urang Sunda anu diparaké ku masarakat Sunda boh di tatar Sunda boh luareun tatar Sunda. Basa Sunda dialék Brebes nyaéta ragam basa Sunda nu dipaké ku masarakat Brebes pikeun ngabédakeun dirina jeung warga masarakat séjénna. Ieu basa Sunda téh teu dipaké disakuliah Brebes, tapi ngan di Kecamatan Salem sarta disababaraha daérah Brebes séjénna.

b. Bahan Pangajaran Maca

Bahan pangajaran nyaéta salah sahiji komponén tina sistem pangajaran . Hasil tina ieu panalungtikan, pikeun sosialisasi deui ka masarakatna sorangan hususna pikeun siswa-siswa di sakola sangkan mikaweruh basana sorangan ku kituna hasil tina ieu panalungtikan Basa Sunda Dialék Brebes téh satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca dina wangun Karangan Bahasan.

Jadi, nu dimaksud basa Sunda dialék Brebes di Kecamatan Salem pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP nyaéta mangrupa inventaris kekecapan basa Sunda di wewengkon Kecamatan Salem Kabupaten Brebes anu satuluyna bakal dianalisis sarta dijadikeun bahan ajar di SMP.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data panalungtikan diperlukeun ogé instrumen panalungtikan pikeun ngarojong kana hasil panalungtikan.

Instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang diolahna. Aya tilu instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta: (1) Pedoman wawancara, (2) Angkét, jeung (3) Pedoman Observasi.

a. Padoman Wawancara

Interview sok disebut ogé wawancara atawa kuesioner lisan, nyaéta mangrupa dialog sacara langsung anu dilaksanakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun informasi ti informan (Arikunto, 2002, kc. 132).

Tabel 3.5
Padoman wawancara

No	Kandaga Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap Séjén nu dipaké
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Pancakaki			
2.	Gaganti jeung Sesebutan			
3.	Kahirupan Désa jeung Masarakat			
4.	Imah jeung babagianna			
5.	Pakakas			
6.	Kadaharan jeung Inuman			
7.	Panyakit			
8.	Pagawéan			
9.	Tutuwuhan jeung bungbuahan			
10.	Sasatoan			
11.	Kanyataan alam jeung usum			
12.	Budi Parangi			
13.	Kaulinan			
14.	Kecap Pagawéan			
15.	Pananya, Panyambung, Panambah jeung Panganteb			

(Pedoman nu leuwih lengkep ilikan lampiran)

b. Angkét

Angkét nyaéta sajumlahing pananya tinulis nu digunakeun pikeun ngajaring informasi ti responden ngeunaan hal-hal nu dipikanyahona. Arikunto (2002, kc. 12)

KUESIONER INFORMAN	
Kampung :.....	Désa.....
Kacamatan: Salem	Kabupaten : Brebes
1. Ngaran:..... Jenis Kelamin: L/P	
2. Umur:.....Taun.....Tempat lahir..... (di jero/ luar kampong/désa/kacamatan/kabupatén)	
3. Atikan:.....	
4. Pakasaban:.....	
5. Matuh di désa ti mimiti:.....	
6. Kungsi/ teu kungsi cicing di luar désa/kacamatan/kabupatén di.....ti mimiti.....Nepi ka.....	
7. Kawin/ teu kawin	
8. Basa nu dipaké di imah	
a. Basa.....	
b. Basa.....	
9. Basa ti masarakat:.....	
10. Basa di tempat pagawéan:.....	
11. Basa lain nu digunakeun:..... Dina kasempetan.....	
Wawancara tanggal.....2014	
Nu ngawawancara.....	

c. Pedoman Observasi

Observasi dilaksanakeun pikeun mikanyaho kekecapan nu biasa dipaké ku unggal masarakatna. Tujuanna sangkan panalungtik meunangkeun data anu leuwih lengkep ti informan ku cara nuliskeun kekecapan anu dianggap béda jeung masarakat séjénna.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta Téhnik wawancara, Téhnik Kuesioner, jeung Téhnik Observasi, Tilu téhnik ieu bakal dijéntrékeun saperti dihandap ieu, diantarana :

a. Téhnik Wawancara

Wawancara atawa interview nyaéta cara pikeun meunangkeun data kalayan ngayakeun dialog langsung antara individu jeung individu séjénatawa individu jeung kelompok nu tangtu. (Ratna, 2010, kc. 222).

Sedengkeun sasaran wawancara dina ieu panalungtikan nyaéta informan anu nyumponan pasaratan nu geus ditangtukeun ku panalungtik nyaéta kategori dewasa boh lalaki boh awéwé umurna 25 nepi ka 70 taun, sarta kategori budak atawa rumaja umurna 14 nepi ka 20 taun anu dibabarkeun jeung gedé di éta désa.

b. Téhnik Angket atawa Kuesioner

Kuesioner nyaéta tehnik ngumpulkeun data ngaliwatan patalékan-patalékan tinulis anu disanrungsun kalayan telik, patali jeung tujuan, mangpaat, tiori jeung masalah inti dina panalungtikan. (Ratna, 2010, kc. 239).

c. Téhnik Observasi

Observasi nyaéta téhnik anu matalikeun antara dua hal, nyaéta observer (paniten) jeung informan atawa jalma séjén anu diténan kalayan kalungguhanna salaku nu méré informasi. (Ratna, 2010, kc. 217) .

Téhnik observasi dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan niténan sakabéh paripolah informan dina nggunakeun basa Sunda nu dipaké dina kahirupan sapopoéna.

Dina ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan anu kudu dipilampah di antarana:

- 1) Datang ka lokasi nepungan warga
- 2) Ngalaksanakeun observasi
- 3) Ngayakeun wawancara
- 4) Nyatet kecap-kecap nu ditanyakeun ka informan

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisis tina kecap-kecap Basa Sunda Dialék Brebes nu geus dikumpulkeun nalika wawancara. Anapon léngkah-léngkah ngolah datana nyaéta:

- (1) Mariksa jeung ngidentifikasi data kucara ngolektifkeun data tina hasil wawancara nu geus dilaksanakeun
- (2) Nganalisis kecap basa dialék Brebes di Kacamatan Salem tina data nu aya
- (3) Nyieun peta géografis dumasar kana kecap-kecap basa Sunda dialék Brebes dumasar kana sebaran pamakéan istilah basa nu aya di daérah panalungtikan.
- (4) Nyieun bahan pangajaran Basa Sunda pikeun siswa SMP ngagunakeun kecap-kecap Basa Sunda dialék Brebes.
- (5) Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.